



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 22/1/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE NOUVO ENFÒMASYON SOU NOR'EASTER KI DWE FRAPE NEW YORK CITY, LONG ISLAND AK ZÒN SID HUDSON VALLEY LANNWIT LA AK TOUT JOUNEN SAMDI AN

Ap gen alèt tanpèt nèj bonè samdi maten ak tout jounen dimanch jouk nan apremidi pou New York City ak Long Island

600 Gad nasyonal disponib pou rejyon downstate la

Resous eta NY yo gen ladan yo 600 pèl mekanik ak 150.000 tòn sèl pou lari; MTA ap deplwaye 1.800 anplwaye pou kenbe subway ya ap mache pandan tanpèt la

Plizyè santèn vòl avyon anile nan Aywopò La Guardia ak JFK

Yo mande tout chofè evite depلاسman ki pa nesèsè apati samdi maten epi pandan tout jounen an

Jodi a Gouvènè Cuomo ankouraje moun New York prepare yo kont tanperati ivè danjere akòz Nor'easter ki pral lonje monte sou kòt ès la epi kap frape New York City ak Long Island. Yo predi tanpèt la ap bay nèj nan New York City depi vandredi swa, ak de ou kat pous nèj nan kòmansman jounen samdi. Yo predi pi gwo nèj la pou 4 è nan apremidi samdi rive jouk minwi, ak kondisyon ki sanble ak gwo tanpèt. Yo mande chofè pou pa woule sou wout yo epi evite tout depلاسman ki pa nesèsè pandan tan sa.

Gouvènè Cuomo di “Yo atann tanpèt nèj la ka gen gwo zèfè ak kondisyon ki ka danjere, kidonk nap pran tout prekosyon nesèsè pou kenbe moun New York an sekirite”. “Eta New York la ap travay 24/24 pou swiv depلاسman tanpèt la epi deplwaye resous alavans pou kominote yo, amezi yo bezwen yo. Nou ankouraje moun New York nan rejyon downstate pou yo rete enfòme, planifye alavans, epi evite tout depلاسman inital pandan tanpèt la ap vanse.”

Gouvènè Cuomo bay Sant Operasyon Ijans eta a lòd mobilize aswè a ni nan New York City ak Hauppauge, pou yo swiv tanpèt la epi koòdone kijan yap deplwaye resous yo. Ajans annapre sa yo ap reprezante nan Sant Operasyon Ijans/EOC a:

- Divizyon Homeland Security ak Sèvis Ijans,
- Biwo Jesyon Ijans,
- Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife,

- Department of Transportation/Depatman Transpò,
- Depatman Konsèvasyon Anviwonman,
- New York State Thruway Authority,
- State Police/Polis Eta New York,
- Public Service Commission/Komisyon Sèvis Piblik,
- Metropolitan Transportation Authority/Direksyon Transpò Metwopoliten,
- Port Authority NY ak NJ ak
- Divizyon Afè Militè ak Lamarin

Total kantite nèj ki ka tonbe a ogmante pou rive 8 oswa 12 pous nan 5 katye New York City yo ak nan Long Island. Kondisyon tanpèt yo ap kontinye nan apremidi samdi jouk apre dimanch maten. Vèy tanpèt nèj pou zòn sid Konte Wetchester monte nivo pou vin yon Avètisman Tanpèt Nèj yo atann kap rive 6 ouben 8 pous wotè. Sèvis Meteyoloji Nasyonal la pibliye Avètisman kont Inondasyon sou Kòt yo ak Avi pou Long Island ak New York City. Yo prevwa inondasyon modere sou kòt Long Island samdi maten ak samdi swa pandan mare a wo. Kout van ki ka rive jouk 60 mil pa è ka pwovoke blakawout pasi pala.

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans

Divizyon Jesyon Ijans Biwo Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans la ap koòdone preparasyon ak distribisyon resous ak ajans eta yo ak gouvènman lokal yo nan preparasyon pou tanpèt la.

DHSES ap mete yon machin touteren ak cheniy pou nèj, yon veyikil itilite 2 a 6 pasaje ak cheniy pou nèj ak 2 veyikil touteren 2 plas ak cheniy nan rezèv Brentwood Suffolk County an. Rezèv Brentwood la gen 195.000 sak sab ak 1 aparèy pou plen sak yo sab, epi rezèv Ayewopò JFK nan Queens lan gen 5.000 sak sab ak yon aparèy pou plen sak sab.

Gad Nasyonal New York

Sou enstriksyon Gouvènè a, Gad Nasyonal New York la prepare pou deplwaye 600 anplwaye atravè rejyon downstate la pou bay sipò. Apeprè 300 ladan yo se solda Empire Shield nan Joint task Force ki an sèvis nan New York City wikenn sa.

Gad nasyonal la ap voye spesifikman 25 manm 1e Batayon 69èm Enfantri an, ak 10 kamyon veyikil taktik leje/mwayen nan Sant Rezèvis Fòs Ame nan Farmingdale la, kòm yon premye fòs reyaksyon pou founi mobilite ak lòt kalite sipò pou otorite lokal yo si yo bezwen.

Anplis de sa Aviyasyon Gad Nasyonal New York la ap aktive 20 manm nan 106èm Eskadwon Sekou ki nan Baz Aviyasyon Gad Nasyonal Gabreski la nan Westhampton Beach kap sou stann bay pou ede gouvènman lokal yo ak 5 Humvee.

Gad Nasyonal New York la va deplwaye 10 Humvee nan Ayewopò JFK ak 15 Humvee

nan Fort Hamilton nan Brooklyn, anba kontwòl Joint Task Force Empire Shield la, fòs ranfò sekirite Gad Nasyonal New York la nan New York City.

Metropolitan Transportation Authority

Metropolitan Transportation Authority ap pran aksyon annapre sa yo pou l pare tann tanpèt la. Enfòmasyon ki pi resan sou eta sèvis MTA yo toujou disponib nan mta.info; kliyan ka enskri pou alèt sms ouben imèl sou www.mymtaalerts.com.

Sobwe – Apeprè 1000 travayè ray ap deplwaye pandan tanpèt la anplis 800 anplwaye stasyon pou anpeche eskalye ak platfòm yo gen nèj sou yo. Chofaj pou twazyèm ray la ak ekipman pou fonn nèj deplwaye nan pwen enpòtan yo toupatou nan sistèm lan pou kenbe tren yo ap mache. Anplis, yo mete 79 tren nan sèvis ak gratwa nan wou yo, yon bagay kap ede diminye glas sou 3èm ray la, epi yo distribye 262.500 liv klori kalsyòm ak 200.000 liv sab nan diferan kote nan sistèm subway a.

Kèk liy subway eksprès va woule sou ray lokal apati vandredi swa apre lè anbouteyaj yo poutèt gen tren yap pake anba tè sou ray eksprès yo pou pwoteje yo kont move tan.

Otobis – MTA ap deplwaye 37 veyikil pou netwaye epi mete sèl nan arè otobis nan zòn kote bis te gen difikilte nan tanpèt anvan yo. Yap deplwaye kenz kamyon toupatou nan vil la pou reponn rapidman ak nenpòt bis ki bezwen èd.

Yap ranplase otobis atikile (demi remòk) yo pa bis ki pi kout apati vandredi swa, epi nan samdi maten, tout bis ki sou wout vilnerab yo ap gen kawotchou nèj oswa kawotchou ak chenn.

Pon ak Tinèl – Pon ak tinèl MTA yo gen 9180 tòn pwodi pou wete glas sou wout yo ak 100 ekipman pou konbat nèj an sèvis epi disponib pou operasyon pou konbat tanpèt la nan sèt pon ak de tinèl li yo.

Pon yo ekipe tou ak sennsò entegre pou wout ak sennsò entegre pou kontwòl tanperati anlè nan atmosfè a ki bay enfòmasyon nan tan reyèl sou vitès van, direksyon van, imidite ak lapli k tonbe atravè kominikasyon san fil.

Long Island Rail Road – Sou Long Island Rail Road la MTA gen nèf aparèy ak djèt pou soufle nèj, twa aparèy ak lè frèt pou soufle nèj epi de machin ak gwo bale ladan yo pou netwaye lanèj sou ray yo ak 3èm ray yo sou liy ki gen anpil trafik yo ak nan kote yo pake tren yo.

Konpayi tren an ka chanje oswa sispann sèvis li anba gwo lanèj, pandan tanpèt glas ak gwo tanpèt nèj, oswa si gen van plis pase 39 mil alè kap soufle san rete, sitou si gen switch ki jele oubyen pa gen kouran nan twazyèm ray la. Tren Long Island lan gen 4 orè modifiye pou pèmèt li reprann sèvis apre tanpèt la.

Metro-North Railroad – Liy Metro-North Railroad MTA an gen twa aparèy ak djèt pou

soufle nèj, sis aparèy ak lè frèt pou soufle nèj epi de traktè ki soufle nèj ak voye sèl pou netwaye ray ak twazyèm ray, anplis 70 pikòp ak pèl, senk bako ak lòt gwo ekipman pou netwaye nèj nan stasyon yo ak lòt kote.

Sèvis la ka diminye oswa sispann pou yon bout tan selon fòs tanpèt la. Nan operasyon regran sèvis apre tanpèt la gen egzamen kab elektrik yo pou wè si yo pa pran chòk van kap soufle oswa branch bwa k tonbe. Nan opsyon sèvis yo gen rediksyon sèvis ak sispansyon tanporè sèvis.

Port Authority New York ak New Jersey

Port Authority New York ak New Jersey fè anpil preparasyon pou pèsonèl ak ekipman nan tout enstalasyon li yo. Pèsonèl operasyon pral travay orè 12 è pou garanti enstalasyon yo ap ka fonksyone an sekirite. Ayewopò, pon, tinèl ak PATH tou gen biwo kontwòl nèj kote anplwaye spesyal ap analize bilten meteyo epi deplwaye anplwaye ak ekipman. Port Authority an kontak tou ak lòt otorite epi ajans lokal, eta ak federal pou diskite preparasyon onivo rejyonal pou tanpèt ki pral rive a.

Port Authority ankouraje moun kap vwayaje nan bis tyeke konpayi transpò yo a anvan yale nan stasyon otobis la, poutèt anpil konpayi transpò piblik ak prive ka anile sèvis yo si kondisyon yo mande sa. Ajans lan tou ka oblije yo bese limit vitès nan pasaj li yo, oswa fèmen yo nèt, si kondisyon tan yo mande sa.

Port Authority gen ekipman nèj ak founiti annapre sa yo ki pare nan prensipal enstalasyon transpò li yo:

- Plis pase 60 ekipman nèj nan pon ak tinèl li yo, ladan yo prèske de douzèn pèl ak aparèy pou voye sèl ki nan pon George Washington nan, pasaj ki gen plis aktivite machin sou li nan mond lan;
- Plizyè milye tòn sèl pou pon ak tinèl yo; ak
- Tren ekipe ak pèl, tren ak likid pou fonn nèj epi yon pèl ak "motè areyaksyon" pou wete nèj sou ray PATH la, ak aparèy pou soufle nèj, pèl ak aparèy pou voye sèl pou netwaye antre stasyon yo, wout ki mennen nan 13 stasyon PATH yo, ak divès enstalasyon sipò l yo.

Ayewopò New York City -- Plizyè santèn vòl deja anile nan ayewopò LaGuardia ak JFK. Vwayajè ta dwe tyeke konpayi transpò yo pou yo konnen si avyon yo an ap vole anvan yal nan ayewopò a. Port Authority New York ak New Jersey ap gen stòk li d kan (ti kabann) ak lòt atik esansyèl tou pare pou resevwa pasaje ki ka bloke nan ayewopòyo.

Port Authority a gen ekipman ak materyèl ivè annapre sa yo nan ayewopòl yo:

- Plis pase 200 ekipman pou nèj, ladan yo gen pwodi ki ka fonn jiska 500 tòn nèj nan inè tan ak pèl ki ka wete nèj 40 mil alè;
- Plizyè milye tòn sèl ak sab pou wout ak paking ayewopòyo; ak

- Plizyè santèn milye galon likid chimik pou anpeche glas fèt, ki anpeche nèt ak glas kole sou pis ak wout taxi yo, plis plizyè milye tòn pwodi solid pou wete glas, ki defèt nèt ak glas ki deja atè.

Yo ankouraje pasaje ki bezwen enfòmasyon la pou la sou pasaj Port Authority, ayewopò yo ak rezo PATH la pou yo enskri nan sistèm alèt Port Authority a nan <http://www.paalerts.com/>. Vwayajè yo ka rele tou 511 oswa vizite [511NY.org](http://www.511NY.org) oswa [511NJ.org](http://www.511NJ.org) pou plis enfòmasyon sou jan otowout yo ye.

NYS Thruway Authority ak Depatman Transpò

Tablo Mesaj Varye New York State Thruway Authority ak Depatman Transpò yo ap di chofè machin yo pou yo evite tout deplasman inital.

New York State Thruway Authority deplwaye resous anplis nan rejyon an, kidonk kounye a gen 155 operatè pare pou fè mache 56 gwo pèl nèt, 38 pèl nèt mwayèn, 10 lodè ak 4 gwo machin pou soufle nèt nan rejyon an epi li gen plis pase 32.025 tòn sèl pou wout disponib nan zòn anba Hudson Valley.

Yo ankouraje chofè machin yo pou enskri nan imèl TRANSalerts, ki bay dènye kondisyon sou sikilasyon sou Thruway a. Vwayajè Thruway yo ka jwenn tou dènye enfòmasyon nan tan reyèl lè yo swiv [@ThruwayTraffic](https://twitter.com/ThruwayTraffic) Twitter oswa lè yo vizite thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime kap montre kondisyon trafik pou Thruway a ansanm avèk lòt wout nan Eta New York yo.

Depatman Transpò Eta New York gen plis pase 1.174 operatè ak sipèvizè nan zòn ki frape yo epi ki pare pou reyaji ak 440 gwo kamyon baskil ak pèl, 58 mwayèn kamyon baskil ak pèl, 88 lodè, kat aparèy pou soufle nèt monte sou kamyon/lodè, sis pèl enstale padèyè, ak 5 pikòp ak pèl. Anplis gen 70 gwo kamyon baskil ak pèl, senk aparèy pou soufle nèt monte sou lodè, ak twa grede ki soti nan zòn ki pa afekte nan eta pou deplwaye nan rejyon yo prevwa ki pral pran tanpèt sa. Depatman Transpò gen disponib plis pase 118.000 tòn sèl pou netwaye wout. Pou fè fas ak posiblite gwo van ak inondasyon sou kòt Long Island, Depatman gen sis kamyon aspiratè ak zouti poukaze glas ak 35 kantè. Sant operasyon rejyonal NYDOT nan Hudson Valley ak Long Island yo ap gen moun kap travay ladan yo pandan tout wikenn lan.

Nap fè chofè machin yo sonje pou yo rele 511 pou tyeke 511NY oswa lè yo monte sou www.511ny.org anvan yo vwayaje. Sèvis gratis sa pèmèt itilizatè yo tyeke kondisyon wout yo ak enfòmasyon sou transpò. Itilizatè mobil yo ka telechaje gratis dènye aplikasyon mobil 511NY la apati iTunes oswa Google Play stores. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Drive ki bay alèt moun ka tande sou yon wout chwazi pandan yon itilizatè ap kondwi, pou avèti yo sou ensidan ak konstriksyon. Itilizatè yo ka fikse yon destinasyon anvan depa yo epi resevwa enfòmasyon pou jiska twa wout.

New York State Police, Department of Environmental Conservation, ak State Parks

Aktyèlman New York State Police gen 38 veyikil 4x4/touteren ki operasyonèl nan Long Island epi gen lòt ekipman disponib si nesesè. Yap bay dis bato kap ekipe ak anplwaye DEC epi State Police pou ede kominote bò lanmè yo sizoka ta gen gwo inondasyon.

Kòmandan twoup rejyonal State Police nan rejyon ki afekte yo ap idantifye prese prese resous yo genyen ak modèl ki di kijan pou yo mobilize yo deja anplas pou yo ka bay meyè reyaksyon anfas tanpèt la. State Police ap ajoute patwouy sou Long Island kap gen ladan yo 38 veyikil patwouy 4x4 pandan tout tan tanpèt la va dire. Yo teste tout ekipman ijans pou enèji ak kominikasyon State Police la nan rejyon an. Anplis de sa yo chwazi alavans pèsonel ijans pou jesyon twoup yo ki pral travay nan sant operasyon ijans yo.

State Parks aktive ekip ijans koòdinasyon yo pou deplwaye resous yo. 104 veyikil 4x4 ak kapasite pou gen pèl mete anplas atravè Long Island, New York City ak anba Hudson Valley. Yo fè sèvis, mete gaz epi fè tès pou lòt ekipman ijans anplis, epi yap sekirize enstalasyon yo. Nan zòn ki gen tandans sibi inondasyon yap plen sak yo sab epi deplwaye yo pou pwoteje enfrastrikti yo. Anplwaye ap konstwi baraj ak sab nan pwent Ès Jones Beach pou pwoteje Ocean Parkway. State Parks ap koòdone ak PSE&G pou itilize State Parks yo chwazi nan Long Island pou sèvi kòm baz.

Tout Nouyòkè ka jwenn enfòmasyon ijans atravè NY-ALERT, sistèm alèt ak notifikasyon gratis kont tout danje Eta NY la ki baze sou entènèt la. Pou enskri, vizite nyalert.gov. Si w pa posede oswa pa gen aksè ak yon òdinatè, rele gratis 1-888-697-6972 oswa telechaje aplikasyon an sou smartphone ou nan ialertz.com.

NYS Public Service Commission

NYS Public Service Commission ap pwolonje lè sèvis liy Sekou Sant Apèl li a. Liy Èd la ap disponib soti 7:30 a.m. rive 7:30 p.m. nan samdi, dimanch ak lendi pou ede kliyan prepare yo pou tanpèt la ak rekipere apre l pase. Ou kapab rele Liy Sekou Sant Apèl Depatman Sèvis Piblik la nan 1-800-342-3377.

PSEG-Long Island gen prèske 1000 moun pare ap tan, 400 ladan yo deplwaye sot lòt kote pou vin ede. Con-Ed tou gen prèske 650 moun pare ap tan. Anplwaye Komisyon Sèvis Piblik pral kontinye kontwòl travay konpayi sèvis piblik yo pandan tanpèt la ak pandan peryòd retablisman an.

Aji Kounye a pou Prepare pou Inondasyon sou Kòt yo

- Devlope epi fè egzèsis ak yon plan “sovtaj fanmi an” epi chwazi yon kote manm fanmi yo ap regwoupe yo si yo ta vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsonel. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv stòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Stoke dlo potab nan veso pwòp epi ki fèmèn.
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.

- Kenbe yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou lamèn.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka pap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti kit pwovizyon nan ka katastwòf nan kòf machin ou.
- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè radyo bay nivo dlo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si w riske inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak planch sou lamèn pou pwoteksyon annijans kont dlo.

Vwayaje ansekirite

Li enpòtan pou chofè machin sou tout wout konnen vitès chas-nèj pa depase 35 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka asire sèl yo simen an rete nan vwa otomobil yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Konsèy ki pi enpòtan yo pou woule ansekirite pandan sezon ivè a gen ladan yo:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa woule si li pa vrèman nesèsè.
- Si ou dwe vwayaje, asire w ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.
- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè wap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote w ye.
- Asire w ke yon moun konnen plan vwayaj ou.

Prepare otomobil ou pou ivè

Prepare machin ou kounye a pou sezon ivè a ap ede w garanti machin ou nan bon kondisyon fonksyonman lè w bezwen l piplis

- Fè yon mekanisyen tcheke bagay annaprè yo nan machin ou:
 - Batri
 - Waypè ak likid pou lave winshil machin
 - Antifriz
 - Sistèm alimaj
 - Tèmosta
 - Limyè

- Sistèm echapman
- Kliyotan pou detrès
- Chofaj
- Fren
- Dejivchè
- Nivo lwil
- Enstale bon kawotchou nèj. Asire ke kawotchou yo gen ase woulman. Kawotchou radyal tout sezon jeneralman bon pou pifò kondisyon ivè. Ou ka vle tou gen yon pè chèn pou kawotchou nan machin ou pou lè gen gwo nèj.
- Kenbe yon gratwa pou vit machin ak yon ti bale pou retire glas ak nèj epi kenbe tank gaz ou omwen amwatye pandan tout sezon ivè a.

Finalman, planifye vwayaj long yo ak anpil prekosyon. Koute rapò medya lokal yo oswa rele ajans sekirite piblik yo pou dènye enfòmasyon sou kondisyon wout yo.

Kondwi ak prekosyon

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò.

- Anvan l pran volan pandan sezon ivè sa, chak chofè machin te ka aprann yon leson nan men chofè otobis nou yo. Se yon bagay elemantè, men nou dwe kenbe machin nou yo san glas ni nèj sou yo. Bon vizyon se yon kle pou kondwi san danje.
- Planifye arè w yo epi kite plis distans ant machin yo. Ou dwe pi vijilan. Pa bliye, pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Anplis, toujou akòde vitès ou ak kondisyon wout la epi tan.

Si w bloke nan yon machin

Si yo gwo tanpèt nèj bloke w nan machin ou sou yon wout:

- Rete chita nan machin ou epi tann jouktan sèvis sekou yo jwenn ou.
- Fè motè machin ou mache pou yon titan pou ka rete cho. Kite vit ki pa bay van fas ouvri epi asire w mòflè w pa bouche ak nèj.
- Lè wap fè motè a mache kite limyè plafon an limen leswa pou bay sekouris yo siyal.
- Kwoke yon mòso twal oswa yon moso rad koulè klere sou machin ou an. Fè egzèsis tanzantan; detire bra, janm, dwèt ak zòtèy ou pou kenbe san ap sikile epi pou w rete cho.

###

Enfòmasyon siplemantè disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418